



# Konnen dwa w: Sa ou ka fè nan Minnesota si w pa gen papye

(Know Your Rights: What You Can Do in Minnesota if You Are Undocumented)




Enfòmasyon sa a se pou moun ki pa gen papye. Sa vle di ou pa gen okenn estati imigrasyon oswa papye legal pou viv Ozetazini. Li pale sou dwa w ak bagay ou ka fè nan Minnesota. Li gen enfòmasyon sou:

- Jwenn yon lisans chofè oswa pyès idantifikasyon Leta Minnesota
- Marye oswa divòse
- Ale nan tribunal pou gen gad legal pitit ou a
- Travaye ak genyen yon biznis
- Touche tout lajan travay yo dwe w
- Peye taks ak louvri yon kont labank
- Jwenn asirans sante
- Posede oswa fime yon kay
- Ale nan linivèsite
- Rankont ak lapolis

Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.

# Lisans chofè ak idantite Leta Minnesota

## Ou ka jwenn yon lisans chofè oswa yon idantite eta a.



Si w pa gen papye, ou ka jwenn yon lisans chofè oswa yon idantite eta nan Minnesota. **Ou pa bezwen yon nimewo sekirite sosyal pou w ka jwenn yon lisans chofè.** Ale nan yon biwo Driver and Vehicle Services (Sèvis chofè ak veyikil, DVS) pou aplike pou yon lisans chofè. Driver and Vehicle Services yo p ap pataje enfòmasyon ak Egzekisyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (ICE).

Pou jwenn yon lisans chofè, ou dwe:

- Bay 2 dokiman ki pwouve idantite w. Men sa yo ka gen ladan: yon paspò, yon idantite konsila, yon batistè oswa yon sètifikasi maryaj
- Pran yon tès konesans ak yon tès kondwi
- Pase yon tès vizyon
- Fè yon foto epi
- Peye yon frè.



### Jwenn plis enfòmasyon.

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou etap pou jwenn yon lisans chofè. Eskane kòd QR la oswa ale sou:  
[lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org)

## Ou ka pwopriyetè a yon machin.



Si ou gen yon lisans chofè, ou ka achte asirans machin. Si ou gen asirans machin, ou ka posede yon machin epi gen yon tit machin nan non ou. Li bon pou w gen plis byen nan non w ke w kapab. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou sa pou w fè lè w ap achte yon machin a dezyèm men. Ale sou: [lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/how-buy-used-car-dealer](http://lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/how-buy-used-car-dealer)

# Maryaj, divòs ak timoun

## Ou ka marye.



Ou ka marye nan Minnesota si w pa gen papye. Ou pa bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou w ka jwenn yon lisans maryaj. Ou ka marye ak yon lòt moun ki pa gen papye. Ou ka marye ak yon moun ki gen estati imigrasyon (papye legal pou viv Ozetazini).




### Jwenn plis enfòmasyon.

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou fason pou w jwenn yon lisans maryaj epi si maryaj ou pral afekte estati imigrasyon w. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org)

## Maryaj ou ki fèt nan yon lòt peyi legal nan peyi Etazini.

Si yo te rekonèt maryaj ou pa gouvènman an oswa sistèm legal kote ou te marye a, li gen plis chans legal nan peyi Etazini. Ou ta ka bezwen montre sètifika maryaj ou.

## Ou ka divòse.




Si w te marye Ozetazini, ou ka divòse Ozetazini. Si w te marye nan yon lòt peyi, ou ka divòse Ozetazini. Si mari oswa madanm ou te depoze yon petisyon imigrasyon pou ou ki toujou annatant, divòse ka anile pwosesis sa a. Sa PAP lakòz yo depòte w.



### Jwenn plis enfòmasyon.

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou sa sa vle di marye oswa divòse legalman nan Minnesota. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org)

## Ou ka ale nan tribunal pou patisipe nan yon dosye gad pou pitit ou yo.



Si w gen timoun epi w divòse, ou menm ak ansyen konjwen w dwe deside kiyès k ap gad pitit ou yo. Si nou pa dakò sou ki moun ki ta dwe gen gad legal, yon jij ka deside pou nou.

Se tribunal fanmi ki deside kiyès ki pral gad legal, pa tribunal imigrasyon. Jij yo diferan. Jij nan tribunal fanmi chèche pi bon enterè timoun nan. Jij nan tribunal fanmi pa sèvi ak estati paran san papye kont yo. Yon ansyen konjwen ki gen estati imigrasyon legal ta ka eseye sèvi ak jan ou manke yon estati imigrasyon legal pou entimide ou. **Ou gen dwa pou w patisipe nan yon dosye gad nan tribunal si w pa gen papye.**



### Egzanp: Elena ak pitit fi li

Elena pa gen papye. Li ap divòse ak mari l, Eduardo. Eduardo gen yon kat residans. Eduardo te di Elena ke si li pa ba li gad konplè sou pitit fi yo, li ta rapòte Elena bay Egzekisyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (ICE). Jij nan tribunal fanmi pa travay pou imigrasyon. Jij la ap reflechi sou sa ki pi bon pou pitit fi a. Jij la p ap rapòte Elena bay ICE oswa sèvi ak estati li san papye kont li. Elena ta dwe ale nan odyans tribunal gad la.



### Jwenn plis enfòmasyon.

Tribunal Minnesota yo gen fòm ki ka ede w si w ap mande pou **gad timoun ak tan paran**. Genyen tou fòm pou chanje yon lòd ki egziste deja pou gad timoun oswa tan paran. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org)



LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale de **papa yo, etabli dwa paran yo, deside gad legal, ak sa papa yo ka fè pou jwenn tan ak pitit yo**. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org)

# ☰ K ap travaye ak gen yon biznis

## Ou ka gen yon biznis.



Pifò biznis nan Minnesota p ap anboche ou si ou pa ka pwouve ke ou gen pèmisyon nan men gouvènman an pou travay. Yo rele sa jwenn yon "otorizasyon travay." Se pa tout moun ki ka jwenn yon otorizasyon travay.


**Ou kapab kòmanse pwòp biznis ou si ou pa gen papye.** Ou pa bezwen otorizasyon travay oswa yon nimewo Sekirite Sosyal pou kòmanse yon biznis nan Minnesota. Tou depan de kalite biznis la, ou ka bezwen aplike pou lisans espesyal pou sèvi manje oswa itilize sèten ekipman.



### Egzanp: Biznis netwayaj Carla

Carla pa gen papye epi li vle travay legalman. Li vle kòmanse yon biznis netwayaj. Li pa bezwen okenn lisans espesyal pou yon biznis netwayaj. Li ka kòmanse biznis la epi travay legalman pou tèt li. Carla ta dwe peye taks sou lajan li touche a.

## Ou gen dwa jwenn tout lajan ou te travaye pou yo.



Anplwayè w la dwe peye w tout kòb yo dwe w pou travay la. Sa vle di:

- Yo dwe peye w omwen salè minimòm lalwa fikse.
- Yo oblige pou ba ou dènye chèk ou si ou te kite yo oswa yo te revoke w.
- Yo dwe peye ou lè siplemantè si ou travay plis pase 40 èdtan epi ou se yon travayè èdtan. (LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki eksplike ki moun ki ka resevwa peman lè siplemantè. Ale sou: [lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/overtime](http://lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/overtime))
- Yo pa ka vòlè tip ou yo.
- Yo pa ka mande w pou w travay "san make lè yo".

“Vòl salè” se lè patwon w la pa peye w tout lajan w te travay pou li a. Mande patwon w lan pou l peye w lajan li dwe w. Si yo di non, ou gen dwa rapòte vòl salè sa a epi jwenn lajan ou. Ou ka fè sa menmsi ou pa gen papye. Patwon w lan ka di w ke y ap depòte w si w rapòte vòl salè. **Sa pa vre. Si w rapòte vòl salè a, sa p ap fè yo depòte w.** Si patwon w lan pa peye w tout lajan w te travay pou li a, patwon w ap vyole lalwa. Ou pa vyole lalwa.

Pou rapòte vòl salè:

- Rele Minnesota Department of Labor and Industry (Depatman Travay ak Endistri Minnesota) nan (651) 284-5075 [\*\*oswa\*\*](#)
- Rele Minnesota Attorney General’s Office (Biwo Pwokirè Jeneral Minnesota) nan (651) 296-3353.

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki ka ede w jwenn lajan ou dwe nan yon ansyen travay. Ale sou: [lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/my-old-job-owes-me-money-wage-claims](http://lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/my-old-job-owes-me-money-wage-claims)

## Taks ak kont labank

### Ou ka jwenn yon Individual Taxpayer Identification Number (Nimewo Idantifikasyon Taks Endividylize, ITIN).

Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal, ou ka jwenn yon Nimewo Idantifikasyon Taks Endividylize (ITIN). Sa a se yon nimewo ou jwenn nan men Internal Revenue Service (IRS). **Ou ka itilize yon ITIN olye de yon nimewo sekirite sosyal pou ranpli taks epi louvri yon kont labank.** Pou jwenn yon ITIN, ranpli fòm W-7. (Jwenn fòm W-7 nan: [irs.gov/forms-pubs/about-form-w-7](http://irs.gov/forms-pubs/about-form-w-7)). Si ou pa vle itilize adrès lakay ou sou ITIN ou ak nan fòm taks ou yo, ou ka itilize yon bwat postal pito. Poste fòm nan ak batistè ou a:

Internal Revenue Service  
Austin Service Center  
ITIN Operation  
P.O. Box 149342  
Austin, TX 78714-9342

## Ou ka louvri yon kont labank epi jwenn yon kat kredi.



Si w pa gen papye, ou ka louvri yon kont labank epi jwenn yon kat kredi. Anpil bank ak konpayi kat kredi mande w pou nimewo sekirite sosyal ou. Gen kèk bank ak konpayi kat kredi ki pèmèt ou sèvi ak yon Nimewo Idantifikasyon Taks Endividyle (ITIN) pou ouvri yon kont pito. Si yon bank oswa yon konpayi kat kredi di ou dwe gen yon nimewo sekirite sosyal, pale ak lòt bank. Jwenn yon bank ki pèmèt ou itilize yon ITIN.

## Ou ka peye taks.



Si w ap travay, ou ta dwe peye taks. Ou depoze kontribisyon taks bay Sèvis Entèn Revni (IRS) chak ane. Depoze kontribisyon taks kapab itil pou kèk ka imigrasyon.



**Nan mwa avril 2025, Sèvis Entèn Revni (IRS) te di li pral kòmanse pataje sèten enfòmasyon ak ICE. Si ou pa gen papye, ICE ka itilize enfòmasyon taks ou pou jwenn ou epi eseye depòte ou.**

- Si ou **PA JANM depoze kontribisyon taks** Ozetazini anvan: pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou depoze l.
- Si ou **GENTAN depoze taks** Ozetazini **EPI** ou anba **ankèt kriminèl** oswa ou gen yon **lòd deportasyon final**: pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou depoze l.
- Si ou **GENTAN depoze kontribisyon taks** Ozetazini men ou **PA anba ankèt kriminèl** epi ou **PA gen yon lòd deportasyon final**: depoze kontribisyon taks ou ankò pwobableman pa ogmante risk pou yo depòte ou.

**Ou ka sèvi ak yon Nimewo Idantifikasyon Taks Endividyle (ITIN) olye de yon nimewo sekirite sosyal pou ranpli taks, menmsi li pa koresponn ak nimewo sekirite sosyal ki endike sou fèy pey ou yo.** Si ou pa vle itilize adrès lakay ou sou ITIN ou ak nan fòm taks ou yo, ou ka itilize yon bwat postal pito. Si yo te pran taks sou chèk ou, ou ta ka elijib pou yon ranbousman. Depoze taks ka itil pou kèk ka imigrasyon. Gen pwogram ki ka ede w ranpli taks ou gratis. Aprann plis nan: [prepareandprosper.org](http://prepareandprosper.org) ak [revenue.state.mn.us/free-tax-preparation-sites](http://revenue.state.mn.us/free-tax-preparation-sites).

# Asirans sante

## Ou ka jwenn asirans sante.



Asirans sante peye pou kèk oswa tout swen medikal ou. MinnesotaCare se yon pwogram ki ede moun nan Minnesota jwenn asirans sante. Li ede moun ki gen ti revni peye mwens lajan pou asirans sante. Apati mwa janvye 2025, moun ki san papye yo ka jwenn asirans sante atravè MinnesotaCare.



### Jwenn plis enfòmasyon.

Sitwèb Depatman Sèvis Imen an pale sou pwoteksyon swen sante pou moun ki pa sitwayen ameriken. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [mn.gov/dhs/people-we-serve/](http://mn.gov/dhs/people-we-serve/)

# Posede oswa fime yon kay


## Ou ka posede yon kay.



Ou pa bezwen gen estati imigrasyon legal pou posede yon kay. Ou kapab posede yon kay si ou pa gen papye. Si mari oswa madanm ou gen estati imigrasyon legal epi non li sou tit kay ou a, mari oswa madanm ou ka mande bank la pou ajoute non ou nan tit la.

Li ka difisil pou jwenn yon ipotèk pou achte yon kay si w pa gen papye. Pifò bank mande nimewo sekirite sosyal ou. Gen kèk bank ki pèmèt ou itilize yon Nimewo Idantifikasyon Endividyèl Taxpayer (ITIN) pou prete lajan.

## Ou ka fime yon kay oswa yon apatman.



Ou ka gen non ou sou yon kontra lwave. Ou pa bezwen deplase pou viv ak yon lòt moun. Si yon pwopriyetè oswa yon konpayi di ou pa ka fime nan men yo, eseye fime nan men yon lòt moun.



### Jwenn plis enfòmasyon.

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki ede moun k ap fime kay oswa aptman konprann dwa legal yo. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [lawhelpmn.org](http://lawhelpmn.org)

## Inivèsite

### Ou ka ale nan inivèsite.



Ou ka ale nan kolèj oswa inivèsite si ou pa gen papye. Inivèsite a p ap mande w pataje estati imigrasyon w lè w aplike oswa lè w kòmanse lekòl. Inivèsite pa rapòte moun yo bay Egzekisyon Lwa Imigrasyon ak Dwàn (ICE).

### Ou ta ka jwenn èd pou peye pou inivèsite.



Minnesota Dream Act (Lwa sou rèv moun Minnesota) ede moun ki san papye peye pou inivèsite. Ou kalifye pou Minnesota Dream Act si:

- Ou pa gen papye
- Te ale nan lekòl segondè nan Minnesota pou omwen 3 ane ak
- Ou te diplome nan lekòl segondè oswa te resevwa yon GED nan Minnesota.

Minnesota Dream Act la pèmèt ou:

- Peye pi bon mache pou santaj ekolaj rezidan nan eta nan kolèj publik ak inivèsite Minnesota
- Jwenn èd finansyè eta Minnesota
- Jwenn èd finansyè atravè kolèj publik ak inivèsite Minnesota ak
- Aplike pou prete lajan etidyan yo nan eta Minnesota. (Ou pa ka prete lajan federal pou etidyan pou ede w peye inivèsite si w pa gen papye.)



### Jwenn plis enfòmasyon.

Biwo Edikasyon siperyè gen yon fèy enfòmasyon sou Minnesota Dream Act la. Eskane kòd QR la oswa ale nan: [ohe.state.mn.us](http://ohe.state.mn.us)

# Rankont ak lapolis

## Ou ka rele 911 epi jwenn èd.



Si w santi w pa an sekirite, si w gen yon dife lakay ou, w bezwen èd medikal, oswa w gen yon ijans, ou ka rele 911. Ou ka jwenn èd nan men lapolis, depatman ponpye, ak paramedik. Nan anpil vil, se kont lalwa pou sekouris yo mande w sou sitiyasyon imigrasyon w.

## Ou ka jwenn èd nan men yon avoka.



Lwa kriminèl yo se menm pou tout moun, kit ou gen estati imigrasyon (papiye legal pou viv Ozetazini) kit ou pa genyen. Si yo arete w pou nenpòt krim, ou gen dwa jwenn yon avoka. Si ou gen yon ti revni, ou ka jwenn yon defansè publik. Yon defansè publik se yon avoka gratis tribunal la plase.

## Ou ka mande pou yon entèprèt.



Ou gen dwa pale ak lapolis nan lang ou pi alèz pou w itilize a. Si lapolis pa pale lang ou, mande yon entèprèt nan telefòn.

## Ou gen dwa pou yo trete w san patipri.



### Si yo kanpe w pandan w ap kondui:

- Di ofisyel polis la non ou. Pa di yo yon fo non. Ou ka jwenn akizasyon pou yon krim adisyonèl.
- Montre yo lisans chofè Minnesota w. Si ou pa genyen youn, montre yo yon paspò oswa yon lòt pyès ID.
- Reponn kesyon sou vitès ou t ap kondwi. Pa reponn lòt kesyon oswa kesyon ou pa konprann. Pa reponn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w.

- Si lapolis mande pou fouye machin ou oswa arete ou, mande pou pale ak yon avoka.
- **Mande, “Èske mwen anba arrestasyon? Oswa èske mwen lib pou m ale?”**

**Si yo arete w pou nenpòt rezon:**

- Ou ka rete an silans.
- Pa reponn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w.
- Mande pou yon avoka
- Lè w ap pale ak avoka w, mande l kijan arrestasyon an afekte estati imigrasyon w. Si ou gen yon avoka imigrasyon, mande avoka kriminèl ou a pou kolabore avèk li.



**Jwenn plis enfòmasyon.**

ACLU gen konsèy pou pale ak lapolis. Eskane kòd QR la oswa ale sou: [aclu.org/know-your-rights/immigrants-rights](https://aclu.org/know-your-rights/immigrants-rights)

**Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.**

*Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.*

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsonèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.